**РЕЗЮМЕ.** Мавҳум отлар қизиқарли ва ўрганиш қийин бўлган лексемалар қаторига киради. Чунки ҳар қандай халқ тафаккурида мавҳум тушунчалар марказий ўринни эгаллайди. Умуман олганда, инсон ўзини ўраб турган нарса ва ҳодисаларни номлашга интилгани учун бу борада отларнинг жинсига мурожаат қилиши табиий. Моддийликдан ҳоли, фақат тасаввур қилиш ва ҳис қилиш мумкин бўлган тушунчалар ҳам доимо инсониятга ҳамроҳ бўлиб келган.

**РЕЗЮМЕ.** Абстрактные существительные относятся к числу лексем, которые интересны и вызывают сложности при изучении. Потому что абстрактные понятия занимают центральное место в мышлении любой нации. В целом, поскольку человек стремится назвать вещи, явления, которые его окружают, вполне естественно, что он обращается в этом к роду существительных. Понятия, свободные от материальности, которые можно только представить, почувствовать, также всегда сопровождали человечество.

**SUMMARY.** Abstract nouns are among the lexemes that are interesting and cause difficulties in learning. Because abstract concepts occupy a central place in the thinking of any nation. In general, since a person tends to name things, phenomena that surround him, it is quite natural that he refers to the genus of nouns in this. Concepts free from materiality, which can only be imagined and felt, have also always accompanied humanity.

## ARXETIP HÁM MIFOLOGEMA TÚSINIKLERINDEGI PARQLAR

**G.K.Kdirbaeva** – *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** mif, mifologiya, arxetip, mifologema, folklor, olam manzarası.
**Ключевые слова:** миф, мифология, архетип, мифологема, фольклор, картина мира.
**Key words:** myth, mythology, archetype, mythologeme, folklore, worldview.

**Kirisiw.** Sońǵı jılları ilimde integrativlik usıl principleri tiykarındaǵı til, mádeniyat, psixologiya, filosofiya, ekonomika, siyasat hám folklor kesilispesindegi izertlewler kóp ushırasadı, atap aytqanda, miflerdi yamasa mifologiyanı hár túrlı rakurslardan úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıq ta keskin ósip atır. Tap usı tárepler filologiya, ádebiyattanıw hám filosofiya (kognitivlik lingvistika, lingvomádeniyattanıw, mifologiya) menen baylanıslı túsiniklerdi parıqlaw mashqalasına arnalǵan kóplegen ilimiy jumıslar payda bolıp atır, olar qatarında biz bul jumısımızda «arxetip» hám «mifologema» túsiniklerine bólek toqtalıp, olardıń ayrıqsha qásiyetlerin ashıp beriwdi maqset etip qoydıq.

Bul mashqalanıń aktuallıǵı mif jaratıw procesi, mifologiyalıq syujetler, motivler, temalar, mifologiyalıq qaharmanlardıń túrli diskurlarǵa kirip barıwı menen belgilenedi hám miflestiriw haqqında gáp bolǵanda arxetiplestırıw túsinigin hám úyreniw orınlı boladı. Bul túsiniklerge bolǵan qızıǵıwshılıq, basqa tarawlarda da payda bolǵan: psixologiya, filologiya, antropologiya, folklor, filosofiya. Degen menen, hár bir etnikalıq topardıń turaqlı qádiriyatların, ózgermeytuǵın strukturaların, psixologiyalıq prototiplerin izlew, anıqlaw hám analiz qılıw, bul konstantalar gewdeleniwinen alınǵan sheksiz abstrakciyalardıń toparlasıwı hám tártiplesiwine járdem beredi.

Házirgi kúnde mifologema hám arxetip túsinikleriniń anıq islep shıǵılǵan teoriyası joq. Biraq, Yu.L.Shishovanıń “К определению понятия мифологемы” atlı maqalasında ámeldegi barlıq túsiniklerdi sistemalastırıwǵa umtılıw alıp barılǵan [8:142]. Bul maqalasında avtor “arxetip” hám “mifologema” túsinikleri menen óz-ara baylanıslı bolǵan bir qatar teoriyalar hám sinonimiyalıq túsiniklerdi keltiredi. Yaǵnıy, C.Yungtıń teoriyasında arxetip analitikalıq psixologiya menen baylanıslı dep keltirilgen bolsa, L.Levi-Bryul teoriyasında arxetip antropologıyadaǵı jámiyetlik kórinisler dep beriledi. K.Levi-Stross teoriyasında arxetip strukturalıq antropologıyada mif “armatura”sındaǵı strukturalıq element, A.N.Veselovskiydıń teoriyasında motiv, V.Ya.Propp tárepinen arxetip ertektiń bir wazıypası retinde keltiriledi, hám Ye.M. Meletinskiy arxetipti ádebiyat hám folklordagi kórkem-mifologiyalıq syujet dep anıqlama beredi [9:11-12]. Yaǵnıy, avtor arxetip hám mifologema túsiniklerin anıq ajıratıwǵa háreket etedı hám K.Yung teoriyasına tiykarlanıp, arxetipti psixologiyalıq rolli obrazlar maydanına kiritedı, mifologema túsinigin sociallıq ózgeshelikke iye prototipli subyekt-obyekt hám subyektlar aralıq jaǵdaylar menen baylanıstıradı [10:146-147]. Bul berilgen maǵlıwmatlardı talqılay otırıp, bul jumısta “arxetip” túsinigin táriyplewde K.Yung, E.M.Meletinskiy, V.Ya.Propp, V.N.Toporova, V.V.Ivanovlardıń teoriyalarına tiykarlanıp alıp baramız.

Bul sózdiń etimologiyasına (lat. archetypon “túp, negizgi tip”) tiykarlanıp, arxetiptiń tiykarǵı ózgesheligi jaǵdaydıń abstraktlasıwındaǵı dárejesi esaplanadı, mısalı arxetip úlgi retinde psixikanıń modelin jaratadı. K.Yungtıń pikirine kóre, arxetipler dinamikalıq, tez intellektual sırtqı formalar bolıp, olar baslanǵısh sxemalar, túp tiykarǵı strukturalar, baslanǵısh oyda sáwlelenetuǵın iskerligin qáliplestiredi. Arxetipler - uzaq dawam etken biologiyalıq evolyuciya nátiyjesinde qáliplesken jámiyetlik ańsız túsinikler forması bolıp tabıladı. Jámiyetlik ańsızlıq bolsa áyyemgi bilimlerdi matricalar járdeminde jetkeriwshi kanal bolıp tabıladı.

Arxetipler insan sanasında barlıq jerde hám mudamı payda boladı, olar mudamı ańız, din hám túslerde, atap aytqanda, ádebiyat hám kórkem óner dóretpelerinde ushırasadı, sol derekler menen baylanıslı bolǵanlıǵı ushın da sol diskurlarda kóp qollanıladı.

Sol ushın da arxetipikalıq obrazlardıń dáslepki súwretleniwi mifologiyada belgilengen. K.Yungtıń atap ótiwinshe, “... mifler, bárinen burın, ruhtıń eń tereń mánisin ańlatıwshı psixikalıq qubılıslar bolıp tabıladı.

Alǵashqı adam qorshaǵan ortalıqtı obyektiv túsiniwge beyim emes edi. Kerisinshe, sol sırtqı ortalıqtaǵı jaǵdaylardı kewlindegi psixikalıq halatlarına saykes keltiriw ushın sheksiz umtılıwı payda boladı. Adam quyashtıń shıǵıwı hám batıwın kóriw menen ózin sheklegisi kelmeydi, álemdi baqlawlardan alınǵan bilimlerin psixikalıq hádiyseler menen baylanıstırıwǵa háreket etedi [10:99-100]. Myullerdiń sózlerine kóre, alǵashqı adam turmıslıq kúndelik sózler negizinde gewdelenetuǵın sol sózlerdiń metaforikalıq mánisin túsingen halda, keyinirek negedur onı esten shıǵarıp, individual hádiyse hám zatlardı Qudaylastırıw isleri menen shuǵıllanip baslaǵan dep aytıladı. Dáslep metaforıkalıq mánige iye bolǵan sózler keyinirek ǵárezsiz mánige aynalǵan [12], mısalı, alǵashqı adam "quyash"tı óziniń gúzetiwlerine tiykar Quday dep tán alsa, keyinrek onı tómendegi mánilerde de túsine baslaǵan*: quyash-navigator, quyash-waqıt, quyash-baxıt, quyash-ataq, quyash-oray.*

Keyingi maǵlıwmatlar, "arxetip" túsinigi haqqında berilgen basqa izertlewshilerdiń jumıslarınan keltirilgen qısqa talqı esaplanadı: A.K.Kosarev: « <…> … jeke ańsızlıq (sana) hám kosmoslıq sananı logikalıq pikirlew dárejesinde baylanıstıradı» [4:129]; K.Yung: «… pikirdi sanalı túrde hám alǵashqı ańlatıw usılları arasındaǵı kópir wazıypasın atqarıp, ol, tiykarınan, keyip hám oy-sezimlerge tikkeley tásir etedi hám «tarixiy» associaciyalar menen óz-ara baylanısadı, racional dúnya hám alǵashqı dúnyanı instinktiv túsiniw quralı esaplanadı» [10:42]; Ye.M.Meletinskiy: «…kórkem mifologiyalıq syujettiń kategoriyal jaǵdayı». Mifologiyalıq motiv Ye.M.Meletinskiy táriypine kóre «belgili bir aktant strukturaǵa iye bolǵan arnawlı bir mikroplot» [6:86]; V.Makovskiy: «… jámiyetlik sana-mádeniy yad» [5:87] dep esaplaydı.

«Arxetip» túsinigine berilgen pikiri boyınsha ulıwmalastırǵan túrde aytıwımız múmkin: tekstler analizi dawamında arxetiplerdi kóp ushıratamız, olar okkazional túrde payda bolmaydı. Sol sebepli, olar topardıń obyektiv, tariyxıy, kórkem, prakseologiyalıq yadı dárejesinde ańsız túrde qáliplesedi, hám avtorlar olardı shıraylandırıp insaniyattıń altın tájiriybeleri menen biriktirip insanlarǵa qaytaradı. Atap aytqanda, qaraqalpaq xalıq jazıwshısı T.Qayıpbergenovtıń «Mamanbiy ápsanası» shıǵarmasında «Qumar analıq» obrazı keltiriledi, bul obraz avtor tárepinen jaratılǵan hám ol qaraqalpaq xalqınıń anaları tımsalı retinde táriyp berilgen. Negizinde, áyyemgi turkiy xalıqlarǵa birdey jaqın miflerde «Umay ana» obrazı «ana hám balalardıń qorǵawshısı» yamasa «Hayal Qudayı» mánilerinde qollanılıp kelgen. Umay ana miyrim-shápáát etalonı retinde túrkiy xalıqlardıń kognitiv ań bazasin qáliplestirgen. Sol, orında sonı da aytıw kerek, T.Qayıpbergenov, V.Markov aytıp ótkeni sıyaqlı xalıqtıń obyektiv, tariyxıy, kórkem, ańsız yadına tayanǵan halda Umay ana haqqındaǵı maǵlıwmatlar bazasın qayta islep «Qúmar analıq» obrazın jaratadı hám «ana» arxetipin qaraqalpaq xalqına qayta usınıs etken. «Ana» arxetipiniń «Ummay ana» antropomifonimi mif, ańız hám erteklerde transformaciyaǵa ushraydı hám «Qumay qus» mifologeması járdeminde gewdelendiriledi. Yaǵnıy, «Umay» túrkiy xalıqlarında eń tiykarǵı hayal quday retinde tán alınǵan, jáne onıń atı "aq quw" mánisin de anglatqan. Ol qus túsinde aspanda ushıwı, qurǵaqlıqta júriwi hám suw ústinde júzgen dep beriledi. «Umay»dıń aq quw obrazı retinde gewdeleniwi ózbek mifologiyasında "Xumo qushi", qaraqalpaq mifologiyasında "Qumay qus" arxetipleri járdeminde gewdelendiriledi.

Izertlenip atırǵan «arxetip» túsinigine ilim tarawlarında hár túrlı tariyp berilgen. Mısalı, folkloristlikada hám ádebiyattanıw iliminde «arxetip» syujet hám motivlerdiń invarianti dep berilse, psixologiyada jámiyetlik ańsızlıqtıń strukturalıq elementi, zoologiyada organizmlerdiń prototipi, kórkem ónerde shıǵarma originalı sıyaqlı tariypleri berilgen. Hár bir berilgen tariyptiń negizin alıp qaraytuǵın bolsaq derlik hámmesinde arxetiptiń predikativlik baylanısları ayqın kórinedi.

V.V.Ivanova hám V.N.Toporovlar Levi-Strosstıń strukturalıq antropologıyalıq teoriyası tiykarında áyyemgi mifologiyanı rekonstrukciya qılıw hám shıǵarmalardaǵı mifologiyalıq sxemalardı qayta tiklewge arnalǵan ámeliy xarakterdegi izertlew alıp barǵan hám usı izertlew miflerdegi invariant yadrosın (oray) túsiniw hám biliwge járdem bergen. Ádette miflerdi rekonstrukciya qılǵanda yadro (oray) retinde binar oppoziciyalar izertlenedi, olardıń ierarxiyası qáliplestiriledi, universal oppoziciyalar anıqlanadı, óz gezeginde, olar barlıq mifologiyalıq modelin jaratılıwǵa xızmet etedi. Mifologiyalıq táriyp diaxronikalıq tárizde ózgeriwi múmkin, biraq «bul túrdegi barlıq tekstler tiykarındaǵı sinxron sxema» turaqlı bolıp tabıladı [3:44].

N.K.Sabirovanıń «Xorazm "oshiq" turkum dostonları syujeti: etakchi motivları va obrazlar tizimining mifologik asoslari» atlı dissertaciyasında túrkiy xalıqları mifologiyasındaǵı "pari" obrazı aytıladı. Suwretlengen peri obrazı óziniń xalıq ertekleri hám de ańızlarındaǵı mifologiyalıq tábiyatın joǵalqan hám kóbirek real insanǵa tán qásiyetleri bórtip kórinetuǵın epikalıq personajga aynalǵan dep juwmaq keltiriledi [8:186]. Negizinde izertlewshiniń peri obrazı haqqında berilgen juwmaǵı C.Yung, E.M.Meletinskiy, V.Ya.Proppa, V.N.Toporova, V.V.Ivanovalar tárepinen aytılǵan pikirlerge ayırım táreplerin tuwrı keledi. Yaǵnıy, arxetip shıǵarmalardaǵı mifologiyalıq sxemalardı qayta tikleniwine óz úlesin qosatuǵın invariant yadro (oray) nıń ierarxiyalıq qáliplesiwi esaplanadı hám usı izertlewdegi peri obrazı "qız" arxetipin kórkem tekstlerde sinxron sxema tiykarında qáliplestirip, barlıq mifologiyalıq modelinin jaratılıwına xızmet etedi.

Bul maqalamızda biz «arxetip» túsinigin tiykarǵı ózgermeytuǵın kognitiv jaǵday retinde táriypleymiz. Yaǵnıy, arxetip tilleraralıq kodlar járdeminde ashıp beriledi hám ol ózgermeytuǵın halda intertekst baylanısların bekkemleydi. Atap aytqanda, Shekspirdiń "Otello" shıǵarmasındaǵı unamsız bas qaharmanlardan biri Yago (Iago) nı atawda Shekspir mifologiyalıq arxetip "Pir" Santiagonıń obrazlıq ayrıqshalıqlarınan jasaladı, onıń qısqartılǵan atın Yagoǵa beredi. Bunda da

metaforalıq máni bar desek aljaspaymiz, sebebi Santiyago ispan mádeniyatı hám mifologiyasındaǵı binar oppoziciya "qara" hám "aq"lardıń urıs qatnasıwshıları retinde kórkem rekonstrukciyaǵa dus kelgen. Yaǵnıy, Santiyago "qara kúshler menen gúresuwshi pir" retinde ispan xalqınıń barlıq mifologiyalıq modeline kiredi. Bul sıyaqlı haqıyqatlıqtı túsiniw ushın tıńlawshı ispan mádeniyatı, dini, hám tiykarinan, tragediya teksti menen tanıs bolǵanında arxetip "pir" yamasa Yago tabiyatın túsiniwi ańsat keshedi.

Joqarıda keltirilgen táriyp hám analizlerdi ulıwmalastırıp aytıw múmkin, mifologiyalıq arxetip arxaikalıq oylaw relikti retinde miftıń tiykarǵı mazmunın kórsetip beredi. Arxetipler sociallıq tárepten áhmiyetli bolıp, barlıq modelin qáliplestiriwde biybaha komponent esaplanadı. Kórkem arxetip sinxronikalıq ózgeshelikke iye hám sol qatarda mifologiyalıq arxetip onıń kópqırlılıgı jáne kópqatlamlılıǵın esapqa alıp diaxronikalıq ózgeshelikke iye boladı. Negizinde mifologiyalıq arxetip ótken zaman haqqında maǵlıwmat bergeni menen, bul maǵlıwmatlardıń keleshek hám házirgi kúndegi sociallıq áhmiyetin túsiniw quralı retinde mifologiyalıq arxetip sinxronikalıq ózgeshelikke de iye boladı.

Keyingi izertlew obyektimiz «mifologema» túsinigi bolıp, mifologema arxetipke qaraǵanda etnospecifikalıq ózgeshelikke iye. Hár bir etnikalıq topar ushın ayrıqsha mifologemalar kompleksi bar. Mifologema arnawlı bir mif ushın baylanǵan bolıwı múmkin emes, V.N.Toporovtıń atap ótiwinshe, ol qayta qáliplesken bolıwı da múmkin. "Ómir teregi" arxetipikalıq obraz egiped mifologiyasında "Sikomor teregi" menen, Hindistan mifologiyasında "Kadamba teregi", Skandinaviya mifologiyasında "Iggdrasil' teregi", turkiy xalıqlar mifologiyasında "Jubit teregi" menen gewdelendirilgen.

Barlıq mifologiyalıq modelin gewdelendiriwshi mifologemalar haqqında ilimiy boljawlar kóp berilgen hám olardı bul formada táriyplew múmkin: mifologema bul arxetip sinonimi (T.V.Bovsunovskaya); mifologema bul mif atomı, mifti ańlatıwshı minimal sistema (S.Yu.Gucol); mifologema bul – arxetiptiń konkret tımsalı (Yu.V.Vishnitskaya, V.A.Maslova, S.I.Linchenko, A.S.Cigankov, Yu.A.Ivanova, O.V.Kolyada); mifologema bul miflerdi táriyplewshi til (I.T. Vepreva, T.A. Shadrina); mifologema, bul – mádeniyat yadı, jámiyet hújdánı hám milletlerara baylanıs quralı (E.Yu. Il'inova). Mifologemaga berilgen táriyplerden biz Yu.V.Vishnickaya, V.A.Maslova, S.I.Linchenko, A.S.Cigankov, Yu.A.Ivanova, O.V.Kolyadalardıń pikirine qosılamız. Solay etip, mif, bul – arnawlı bir jámyiettiń baslanǵısh jasaw formasınan áwladtan-áwladqa miyraslar bolıp ótip kiyatırǵan maǵlıwmatlar bazası.

Arxetipti barlıq kórinisinde universal ózgesheliklerge iye túsinik dep alıp qarasaq, mifologema etnospecifikalıq ózgeshelikke iye bolǵan hár bir etnikalıq topar barlıq kórinisin ashıp beretuǵın arnawlı bir mádeniyatqa tiyisli túsinik esaplanadı. Solay etip, arxetip hám mifologemanı miftıń statistikalıq hám dinamikalıq elementleri retinde izertlewimiz múmkin. Mifologemanı bir qansha elementler kompleksinen shólkemlesken kóp qatlamlı dep oyda sáwlelendirsek boladı, hár bir qatlamdaǵı element miftıń ulıwma bir kognitiv birligin quraydı. Mifologemada oraylıq hám shegara elementlerin ajıratıw múmkin.

Mifologemalar bir qansha mádeniy sistemalarǵa tiyisli bolǵanlıǵı sebep tiykarǵı yadrolıq elementti ózgermesten transformaciyalanadı hám anıqlama beriledi. Sebebi avtor óz dóretiwshiliginiń mazmunına qaray ayırım jaǵdaylarda oraylıq hám shegara elementlerdi ózgertiw múmkinshiligine iye. Izertlewshi bolsa, óz gezeginde, bul ózgerislerdi izertlew wazıypasın atqaradı.

Zamanagóy ádebiyatlada mifologema kóbinese, mifologiyalıq motivlerdı tikkeley ózlestiriw hám olardı zamanagóy kórkem mádeniyat álemine ótkeriw ushın qollanılatuǵın qural esaplanadı. Mifologema, kóbinese, kórkem ádebiyatqa baylanıslı tekstte arxetipti gewdelendiredi dep túsiniledi. Mifologemalar shıǵarmalarda mifonimler dárejesinde, citata formasında, syujet retinde implicit hám eksplecit mánilerde gewdeleniwi múmkin: *Albaslı, Achilles heel, Quyash, Tapee hám basqalar.*

Solay etip, mifologema - mifologiyalıq oylaw birligi, mádeniyatlı kisi ushın pútinlikke iye bolǵan obraz, arnawlı bir ayrıqshalıqlardıń turaqlı kompleksin óz ishine alǵan súwret. Sonıń menen birge, bul ayrıqsha baslanǵısh syujet sxeması bolıp, túrli xalıqlar folklorında miften epikalıq dóretpe hám erteklerge, keyinirek qaharmanlıq shıǵarmalarǵa, romanlar hám dástanlarǵa kóshken mádeniyatlararalıq ideya.

Mifologiyalıq syujet hám strukturalardan paydalanıw arqalı kórkem dóretiwshilik oqıwshı sanasınań arxetiplerge tásir etedi, bul bolsa óz gezeginde jańa mádeniy qáliplesiwler hám mifologemalardıń rawajlanıwına xızmet etedi. Simvolikalıq obrazlar sisteması arxetiplerge tiykarlanadı: "juldızlar – aspan kózleri", "juldızlar - insanlar", "juldızlar - perzentler", "juldızlar – billyur aynalar", "juldızlar – jamawlar", "juldızlar – tas bólekler", "juldızlar – marhumlar kózleri", "juldızlar – ashıqlar", "juldızlar – qızlar", "juldızlar – kópirler."

Arxaikalıq sanaǵa tán bolǵan túp, tiykarǵı mifologemalar óziniń negizgi formasında da, mádeniyat tárepinen qayta islengen halda da búgingi kúnge shekem "saqlanıp" qalǵan qásiyetlerin joqarıda keltirilgen mısallar arqalı ushıratıwımız múmkin. Keyinirek payda bolǵan mifologemalar tap usı sıyaqlı ayrıqshalıqlardı ózine tiykar qılıp aladı hám qáliplesedi. Hár qanday insannıń sanasında arxaik qatlamlar ushraydı hám olar dúnyanıń túrli xalıqları arasında derlik birdey. Biziń mádeniyatımız da sol obrazlar kompleksinen shólkemlesken - obrazlardıń miflerdegi gewdeleniwi, eposlardaǵı, erteklerdegi hám t.b.: "I am not the first to realize that there is no need to act the underlying falsity of the man rather to play ***honest Iago*** on all occasions"; "Now imagine that Amy's friends employ **the same techniques that Iago** used on Othello"; "Maybe at the very bottom of it... it's silly to say I don't like God

because I don't believe in God, but in the same sense that ***I don't like Iago***, or the Reverend Slope or any of the other villains of literature, <...>" — Steven Weinberg; [12].

Joqarıda keltirilgen citatalar da mifologema haqqında berilgen pikirlerdi tastıyıqlaydı hám shıǵarmalardaǵı mifologiyalıq qatlamdı úyreniw tariyxıy haqıyqatlıqtı anıq bir kózqarastan túsiniw etiw imkaniyatın beredi, bunda avtor jaratqan kórkem model "social-tariyxıy hám keńisliktegi-zaman" sheńberinen sırtqa shıǵarıw universal mazmun júzege keledi [6:295]. Ye.M.Meletinskiy mifologemalarǵa túrlishe teoriyalarǵa iye bolǵan bir qansha mekteplerdi ajıratıp kórsetedi. Solay etip, K.G.Yung eń zárúrli mifologiyalıq arxetipler yamasa arxetipikalıq mifologemalar: ana arxetipi, saya arxetipi, animus arxetipi, anima arxetipi, dana ǵarrı (dana kempir) arxetipleri hám basqa arxetiplerdi ajıratıp kórsetedi.

Insannıń eń áyyemgi dúnya, qudaylar hám ruxlardıń turmısı haqqındaǵı mifologiyalıq túsinikleri miflerdi mifologemalar járdeminde sáwlelendirilgen jáne bul ideyalar mádeniy kodlardı quraydı. Mifologiyadaǵı mifologemanıń semantikası áyyemgi dáwir tereń kirip barǵan arnawlı arxetipikalıq metaforalıq belgiler menen baylanıslı. Tildegi áyyemgi simvol hám steriotiplerge súyene otirip, basqa diskurslarda mifologemalar verballasıwı múmkin. Mifologemalar semantikalıq túsinigi milliy mádeniyatlar prizması tiykarında átirap-ortalıqtı barlıq til hám milliy kórinisiniń konceptuallasqan hám toparlastırılǵan ayrıqsha qásiyetlerin ashıp beriwge múmkinshilik beredi. Turkiy xalıqlar (ózbek, qazaq, qaraqalpaq hám t.b.) mifleriniń konceptualizaciyası olardıń barlıq tillik milliy kórinisindegi uqsaslıq hám ayırmashılıq qásiyetlerin anıqlawǵa járdem beredi.

Solay etip, arxetip hám mifologema mifologiyalıq sanada sáwlelendiriwdiń tiykarǵı kategoriyalarınıń biri bolıp, mifologiyalıq statistika hám dinamikanıń ózgesheliklerin sawlelendiredi. Mifologema arxetiptiń tiykarǵı yadrosınıń ózgermeytuǵın bir bólegi hám transformaciyaǵa bolǵan kórinisi. Arxetipikalıq mazmun átirapında sáwlelengenligi etnospecifikalıq mifologemalar, hám olardıń kóp qırlı hám kóp buwınlı mifologiyalıq mazmunı etnikalıq topardıń barlıq mifologiyalıq modelin qáliplestiredi. Álbette mifologemanı ajıralǵan halda, tilge tiyisli birlik retinde úyreniw múmkin emes, sebebi mifologemanıń teksttegi sıpatı, qásiyetleri, mazmunı basqa mifologemalar menen jáne onıń arxetipikalıq obrazları menen tolıq mazmun mánige iye boladı.

**Juwmaq.** Arxetip – ózgermeytuǵın invariant sxematikalıq oray hám mifologiyalıq syujetlerdıń kóp qırlı forması jáne motivlerdıń abstarkciyası bolsa, mifologema anıq transformaciyaǵa ushraǵan forma bolıp, hár túrlı kórinistegi, hár túrlı formadaǵı arxetipikalıq obrazlardı sawlelendiriwshi birlik esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Бовсуновская Т.В. Когнитивная жанрология и поэтика: монография. Киев: Издательско-полиграфический центр «Киевский университет», 2010. –С.180. URL: https://ua.b-ok.cc/book/3136704/20d177 (дата обращения: 14.11.2022).
2. Гуцол С.Ю. Теоретические предпосылки актуализации личностного проекта как сюжета возможной истории / С.Ю.Гуцол // Вісник Національного технічного університету України «Київський політехнічний інститут». Філософія. Психологія. Педагогіка : зб. наук. праць. – К. : ВПК «Політехніка», 2014. № 1 (40). -С. 72-78.
3. Иванов В.В., Топоров В.Н. Балтийская мифология. // Мифы народов мира. Т. 1. - М.: Сов энциклопедия, 1991. - С. 153-159.
4. Косарев А.Ф. Философия мифа: Мифология и ее эвристическая значимость: Учебное пособие для вузов. – М.: СПб., 2000. –С. 304.
5. Маковский М.М. Язык миф - культура. -М.: Изд-во ин-та русского языка им. В.В.Виноградова РАН, 1996. –С. 329
6. Мелетинский Е.М. Поэтика мифа. -М.: 1976. –С. 406.
7. Sabirova N.E. "Xorazm baxshichilik va xalfachilik an'analari (genezis, lokallik, repertuar, ijro usuli)". -avtoref.diss. ...fil.fan.dok. -Tashkent: 2021. 72-b.
8. Шишова Ю.Л. К определению понятия мифологемы. // Современные проблемы теории языка: сб. ст./ Под ред. И.Б.Руберт, Ю.А. Ивановой. СПб.: РГПУ им. А.И.Герцена, 2000.
9. Шишова Ю.Л. Лингвистическая объективация мифологемы пути в современной англоязычной литературе: автореф. дисс. … канд. филол. наук. – Санкт-Петербург: 2002. –С. 23.
10. Юнг К.Г. Душа и миф. Шесть архетипов. М.К.: Совершенство, 1997. –С.363.
11. https://studme.org/1529052715782/religiovedenie/mifologicheskaya_kontseptsiya_myuller
12. https://www.goodreads.com/search?page=2&q=Iago&qid=HRDq7HEuUE&search%5Bsource%5D=goodreads&search_type=quotes&tab=quotes


**REZYUME.** Maqolada tilshunoslik, adabiyotshunoslik va madaniyatshunoslikda mazkur tushunchalarni farqlashning nazariy jihatlari va uslubiy asoslari muhokama qilinadi. Adabiy asarlarda arxetip va mifologemaning oʻzaro taʼsiriga alohida eʼtibor beriladi. Maqolada isbotlanganidek, ushbu tushunchalarning oʻzaro bogʻliqligiga qaramay, ular turli funktsiyalarni bajaradilar: arxetip obrazlarning chuqur universalligini shakllantiradi, mifologema madaniy va tarixiy oʻziga xoslikni beradi. Tadqiqot natijalari ushbu toifalarni aniqroq tushunishga yordam beradi va badiiy matn, madaniyatlararo muloqot va tarjima nazariyasini tahlil qilishda foydali boʻlishi mumkin.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются теоретические аспекты и методологические основания разграничения данных понятий в лингвистике, литературоведении и культурологии. Особое внимание уделяется взаимодействию архетипов и мифологем в литературных произведениях. В статье доказывается, что, несмотря на взаимосвязь этих понятий, они выполняют разные функции: архетип формирует глубинную универсальность образов, тогда как мифологема придаёт им культурно-историческую специфичность. Выводы исследования способствуют более точному пониманию данных категорий и могут быть полезны в анализе художественного текста, межкультурной коммуникации и теории перевода.

**SUMMARY.** The article examines the theoretical foundations and methodological approaches to distinguishing these concepts in linguistics, literary studies, and cultural studies. Special attention is given to the interaction between archetypes and mythologemes in literary works. The findings demonstrate that while archetypes and mythologemes are interconnected, they serve distinct functions: archetypes provide deep universality to images, whereas mythologemes shape their cultural and historical specificity. These insights contribute to a more precise understanding of these categories and may be valuable for further research in literary analysis, intercultural communication, and translation studies.

## QARAQALPAQ ESSE TEKSTLERINDEGI FONETIKALÍQ BIRLIKLERDIŃ STILLIK ÓZGESHELIKLERI

**S.Mırzabaev –** *tayanısh doktorant*
*Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew instituti*

**Tayanch so'zlar:** uslubiyat, fonouslub, fono-grafik birliklar: alliteratsiya, assonans, onomatopeya, akromonogramma, geminatsiya, esse.

**Ключевые слова**: стилистика, фоностилистика, фонографические инструменты, аллитерация, ассонанс, звукоподражание, акромонограмма, геминация, эссе.

**Key words**: stylistics, phonostylistics, phonographic-tools, alliteration, assonance, onomatopoeia, acromonogram, geminacy, essay.

**Kirisiw.** Hárqanday kórkem shıǵarmanıń tiykarı ádebiy til, jáne de tildiń túp uytqısı bolǵan sóz ekeni belgili. Sonlıqtan da "Sóz – bul eń tiykarǵı kategoriya" degen R.A.Budagovtıń pikirine tolıq qosıla alamız [10:55]. Házirgi dáwir lingvistikası da usı tiykarǵı kategoriya – sózdi, sózden payda bolatuǵın pútin bir predikativlik birliklerdi hár túrli rakurstan izertlep, jańa tarawlardıń payda bolıwına, rawajlanıwına túrtki berip atırǵanı sózsiz. Sonday tarawlardıń biri fonostilistika yamasa fonetikalıq stilistika tarawı bolıp tabıladı.

**Temaǵa baylanıslí ádebiyatlar sholıwı.** Fonostiliska – bul fonetika-fonologiya tarawı menen stilistika tarawlarınıń kesilispesinde payda bolıp, sóylew barısındaǵı ses, ritm hám intonaciya sıyaqlı ámeliy fonetikalıq qurallardıń qollanılıw nızamlılıqların úyrenip, stillik xarakterin ashıp beriwge xızmet etiwshi taraw bolıp tabıladı. Lingvistikanıń bul jańa tarawı haqqında dáslepki pikir bildirgen lingvist ilimpazlardıń biri bul – N.S.Trubeckoy esaplanadı. Keyin ala bul taraw menen G.B.Vekshin, I.A.Veshikova, S.M.Gaydushik, N.I.Portnova, L.Timofeev sıyaqlı ilimpazlar shuǵıllanǵan bolsa, turkiy tillerdiń fonostilistikası boyınsha A.Djunisbekov, E.N.Nuraxmetov, S.Karimov h.t. basqalar jumıs alıp bardı. Al, qaraqalpaq til biliminde stilistika hám onıń jańa tarawı bolǵan fonostilistika tarawı boyınsha A.Bekbergenov, B.Yusupova, S.Bahadırova, N.Mámedov G.Qarlıbaeva, I.Seytnazarova, G.Aynazarova sıyaqlı ilimpazlar óz jumıslarında pikir bildirip ótedi.

**Izertlew metodologiyası.** Kórkem shıǵarmanıń emocional-ekspressivligin támiyinlewde, shıǵarma syujetindegi waqıyalarǵa personajlardıń qatnasın bildiriwde sózlerdi orınlı qollanıw áhmiyetli. Bunday etip orınlı qollanılǵan birlikler avtordıń sheberliginen derek berip turadı. Sózlerdi paydalanıw waqtında avtor tek qáliplesip normaǵa túsip bolǵan, ádebiy tilde tayar halında turǵan birliklerdi qollanıp qoymastan, bayanlanıp atırǵan waqıya hádiyeseniń mazmun-mánisinen kelip shıqqan halda olarǵa ózine tán ózgeshe stillik boyaw júklewi de múmkin. Sol stillik boyawlardıń biri bul sóz quramında jumsalıp atırǵan fonemalardıń ornalasıwı bolıp tabıladı. Bunı Trubeckoy bılay dep kórsetedi: "Birewdiń sóylegenin tıńlap otırıp, biz kimniń sóylegenin, qanday ton menen sóylegenin hám onıń ne sóylegenin esitemiz" [1:18]. Tekst quramındaǵı fonetikalıq birliklerdiń stillik xızmetin A.Haydarov: "Dawıslı hám dawıssız seslerdiń tákirarlanıwı, buwınlardıń tákirarlanıwı poetikalıq sóylewde, ásirese, xalıq awızeki dóretpeleri úlgilerinde kóp ushıraydı. Fonetikalıq qurallardı ádeyi tákirarlap qollanıw arqalı kórkem sóz dóretiwshileri ózi aytajaq bolǵan pikirdiń emocional-ekspressivligin kúsheytedi" dep kórsetedi [5:55]. Tekstler quramındaǵı fonetikalıq qurallardıń stilistikalıq xızmette jumsalıwshı túrleri haqqında birqansha ilimpazlar pikir bildirip ótken. Sol pikirler tiykarında biz fonetikalıq birliklerdiń tákirarlanıwı arqalı payda bolatuǵın fonostilistikalıq birliklerdi qaraqalpaq tilindegi esse tekstleri tili mısalında kórip shıǵıwdı maqul kórip otırmız.

**Analiz hám nátiyjeler.** Alliteraciya – (latın tili – qaytalaw; ádebiy termin) kórkem shıǵarmada bir-birine uqsas dawıssız háriplerdiń qaytalanıp keliwi, bılayınsha birgelkili hárip, seslerdiń qaytalanıwı prozalıq, dramalıq shıǵarmalarda da ushırasa beredi [4:114]. Sóylew sesleri alliteraciyalıq xızmette jumsalıw arqalı sóylew procesinen túsiniletuǵın mánige tásir etip keledi.